Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

РЕСТДЗИНАД

№ 162 (25648)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2022 азы 6 сентябр — рухæны мæйы 6 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 РЦИ-АЛАНИЙЫ ПАРЛАМЕНТМÆ ÆВЗÆРСТЫТÆ

3 ХУРЗÆРИН
Тематикон фарс

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
Футбол

Беслæн-2004

Ирыстон мысы йе 'дзард хъæбулты...

Дунейы цы æвирхъау бæллæхтæ æрцыд, уыдоны æмвæз лæууы, 2004 азы Беслæны 1-æм скъолайы æрцæуæг террористон фыдракæнд. Адæймаджы миниуджытæй сæ удты мисхалы бæрц дæр кæмæн ницыуал баззад, уыцы лæгсырдты аххосæй ныккалд дæсгай æнаххос адæмы туг. Додойаг æмæ сæргой фесты ныйярджытæ, ахуыргæнджытæ, ахуырдзаутæ, æнахъом сабитæ...

Рæстæг адæймаджы дудгæ хъæдгæмттæ дзæбæх кæны, фæзæгъынц, фæлæ уыцы террористон акт у ныртæккæйы цивилизацийы дуджы иууыл æвирхъаудæр фыдракæнд. Нæй йын сбарæн арвы тыгъдады асæй, нæдæр зæххы арфы дæргъæй... Рæстæг цæуы, фæлæ алы аз 1-3 сентябрмæ Беслæны фыццæгæм скъолайы кæртмæ цы бирæ адæм æрбамбырд вæййы, уыдоны цæсгæмттыл бæрæгæй зыны сæ уды æмæ зæрдæйы хъизæмар, уыцы зындонхуыз спортивон залы къултæм, тыргътæм, артсыгъд къултæм, рудзгуыты тæрхæджытæм кæсгæйæ. Йæ къултæй та нæм кæм мидбылхудгæ, хъуыдыдзастæй, кæм та æнкъардæй кæсынц, ам æртæ боны дæргъы, сæ удтæ цард æмæ мæлæты æхсæн дзир-дзур кæмæн кодтой, дон-донгæнгæйæ йæ цæхджын цæстысыгæй йæхи чи æхсадта, уыцы ахуырдзауты, ахуыргæнджыты, ныййарджыты, мидхъуыддæгты кусджыты, сæрмагонд нысаниуæджы къордты ирвæзынгæнджыты сурæттæ. Кæсынц нæм, мах сæ уынæм, æмæ нæ алкæмæ дæр æвзæры иу хъуыды, ацы царæфтыд адæм се 'ппæт дæр сты, дунейы цыфыддæр мæлæтхæссæг тых — терроры ныхмæ удуæлдай тохы сæ цард чи радта, уыцы хъæбатыртæ, нæ рæстæджы хъайтартæ. Сæ алкæй мæлæт нын у дудгæ-уыраугæ хъæдгом нæ алкæй зæрдæйы сæр дæр. Фæлæ уыдон сæ цардæй бахъахъхъæдтой дунейы, Уæрæсейы, Ирыстоны фидæн, сæ удтæ сты рухс уæларвы Хуыцауы рахизфарс бадæг.

Афтæмæй дзы цы хорзæхтæ курынц, уыдон сты, зæххыл ахæм фыдракæнд ма 'рудзыны амонд, фæлтæрты бастдзинад æмæ сабыр цард. Сæ алкæмæн дæр нæм йæ зæрдæйы цавд хъуысы 1-æм скъолайы кæрты Ног хъизæмаргæнджыты номыл арæзты зæллангæй, "Зæдты горæты" метрономы æнкъард зæлазæлдæй. Ам æрвыл райсом æмæ изæр цардхъуар сабиты, ныййарджыты, ахуыргæнджыты номыл арæзт цыртдзæвæн — Хъыдзы бæласыл абадæг булæмæргътæн се 'нкъард хъарæгæнгæс зардæй æмæ сæ базырты пæр-пæрæй.

Уымæй нын æмбарын кæнынц, сæ нæмттæ сын мысын кæй хъæуы, дыккаг хатт ахæм æвирхъау фыдбæллæх ма æруадзыны тыххæй. Фидæны рухс царды сæрвæлтау дзы сæ удтæ 334 адæймаджы уымæн радтой, цæмæй террорæн йæ зынг ныххуыссын кæной, æмæ йæ мæлæтхæссæг арты æвзæгтæ Ирыстоны нæ, фæлæ æгас дунейы цæрджытæн дæр, сæ цардбæллондзинады тых мауал сæттой. Цæмæй нæ алкæй бон дæр уа сабыр дуджы фæллой æмæ кæстæрты хъомыл кæнын.

Ивгъуыд сабаты суанг райсомы дæс сахатæй, Беслæны фыццæгæм скъолайы спортивон залмæ веноктимæ, дидинджытæ, сойын цырæгътæ æмæ доны бæрцуæттимæ цыдысты дæсгай адæймæгтæ. Æстдæс азы размæ ам æвирхъау фыдбæллæхы цы æнаххос скъоладзаутæ, ахуыргæнджытæ, ныййарджытæ бацарæфтыд, уыдоны рухс нæмттæ æрымысыдысты РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**, Республикæ Хуссар Ирыстон — Паддзахад Аланийы Президент **Гаглойты Алан**, Федерацийы Советы уæнг **Мамсураты Таймураз**, нæ республикæйы Хицауады Сæрдар **Дзанайты Барис**, РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары хæдивæг **Тугъанаты Ларисæ**, РЦИ-Аланийы раздæры Сæргълæууæг **Битарты Вячеслав**, нæ республикæйы Парламенты Сæрдар **Алексей Мачнев** ацы закъонадон оргæны депутаттæ, министрадты æмæ ведомствæты бæрнон кусджытæ, æхсæнадон æмæ фæсивæдон организациты минæвæрттæ, зонадон æмæ сфæлдыстадон интеллигенци, амынæты бахауæг скъоладзауты, ахуыргæнджыты æмæ ныййарджыты, сæрмагонд нысаниуæджы ирвæзынгæнæг къорды службæгæнджытæ æмæ дингæнджытæ, Сырх Дзуары комитеты, медицинон тагъд æххуысы дохтыртæ.

Уыдон дидинджытæ æмæ сойын цырæгътæ æвзæрдтой, террористон фыдракæнды йæ зынг кæмæн ахуыссыд, уыцы ахуыргæнджыты, скъоладзауты, æмæ сæ ныййарджыты, барады æмæ сæрмагонд ирвæзынгæнæг службæты кусджытæй дзы чи фæмард, уыдоны хуызистыты раз. Спортивон залы астæу цы "Æркувæн дзуар" ис, уый алыварс. Чырыстон дингæнджытæ дзы сарæзтой номараен аргъуыд.

13 сахаты æмæ фондз минутыл уæларвмæ суагътой 334 урс шары. Уый фæстæ дзуæртты уаз нывтимæ æмæ амынæты бахауæг адæмы хуызистытимæ, чырыстон дингæнджытæн æмæ номараен мадзалы архайджытæн, скъолайы кæртæй мемориалон уæлмæрд "Зæдты горæт"-мæ уыд дзуарцыд. Террористон фыдракæнды чи бацарæфтыд, уыцы скъоладзауты, ахуыргæнджыты, ныййарджытæн сæ алкæй ингæныл, "Хъыджы бæлас" æмæ Сæрмагонд нысаниуæджы къордты службæгæнджытæй ацы фыдбæллæхы чи бацарæфтыд, уыдоны номараен цыртдзæвæныл сæвæрдтой дидинджытæ æмæ веноктæ.

Метрономы æнкъард цавдимæ уæлмæрды азæлыдысты, ацы террористон фыдбылызы йæ зынг кæмæн ахуыссыд, уыцы ахуыргæнджыты, скъоладзауты æмæ ныййарджыты, барадхъахъхъæнæг оргæнты кусджыты æмæ сæрмагонд нысаниуæджы къордты службæгæнджытæй, уыцы фыдохы арты чи бахауд, уыцы æфсæддонты нæмттæ. Сæ алкæй тыххæй дзы арвмæ суагътой урс шартæ.

ГАСАНТЫ Валери
Къамтæ систа
ХЪАЙЫРТЫ Дианæ

Хъуыддаджы ныхас

Промышленнон комплексы размæцыд

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО скодта промышленнон комплексы размæцыдимæ баст æмбырд. Ныхас бацахста, промышленнон куыстады алыхуызон рахæцæнтæ размæ рахоныныл, æмæ къабазæн æххуысы мадзæлттыл.

Нæ республикæйы Сæргълæууæг куыд бафиппайдта, афтæмæй сæйрагдæр у, йæ къæхтыл фидар чи лæууы, уыцы заводтæ æмæ кусæн бынæттæ бахъахъхъæнын. "Ног куысты бынæттæ аразынмæ дæр хъуамæ уæлдай æргом аздахæм, Дунейы геополитикон уавæр нымайгæйæ, хъуамæ промышленност нæ куыст скæнæм. Ныгуылæйнаг бæстæтæ гæрæнтæ кæй æвæрынц, уый тæссаг дæр у, æмæ ма нын фадæттæ дæр кæны хи продукци уадзынæн. Фарстатæм хъуамæ лæмбынæг кæсæм", — загъта Сергей Меняйло.

Уый бафæдзæхста профилон министрæн, цæмæй федералон хицауадимæ бæстонæй куса, цыдæриддæр рæзты программæтæ ис, уыдоны хъуамæ Цæгат Ирыстон дæр архайа. "Цы æххуысы мадзæлттæ ис, уыдон царды уадзæм, Адæмæн куысты бынæттæ дæттыны комитетимæ сбæлвырд кæнæм, заводты специалисттæ цас хъæуы, уый. Уыдон бацæттæ кæныны тыххæй нæ фæндæттæ хъуамæ бадæттæм, фылдæр æргом аздахæм фæсивæдмæ. Астæуккаг профессион ахуырад хъуамæ йæ архайд фæтыхджындæр кæна", — загъта РЦИ-Аланийы разамонæг.

Дзæуджыхъæуы Адæмон аивадон промыслæты рæзты центрæн хуыздæр цы хуызы ис баххуыс кæнæн, уыл дæр бæстон ныхас рауад. Сергей Меняйло куыд бацамыдта, афтæмæй хъуамæ æппæт гæнæнтæй дæр спайда кæной, иннæ аз Хетегкаты Къостайы номыл фæлладуадзæн парчы æрмдæсныты куыстыты равдыстыл дæр ахъуыды кæнын хъæуы. Уæдæ федералон гранттæ дæр хорз фæахъаз уаиккой æрмдæснытæн.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ

Ахуырад

Ног скъола, ног уавæртæ

Рацарæзты фæстæ кадджын уавæры байгом Ногиры 1-æм астæууккаг скъола. Бæстыхайыл цæуы 100 азы, æмæ, куыд историон объект, афтæ йын ис стыр ахадындзинад. Цы бирæ зындгонд адæймæгтæ рацыд Ногирæй, уыдонæн стыр царды фæндагмæ æппæты хуыздæр миниуджытæ æмæ ахуырад радта ацы скъола.

Сывæллæттæ æмæ ахуыргæнджыты бæрæгбонмæ æрбацыдысты: РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар **Дзанайты Барис**, Горæтгæрон районы муниципалон сконды бынæттон хиуынафæйады администрацийы сæргълæууæг **Есиаты Руслан**, РЦИ-Аланийы архитектурæ æмæ арæзтады министры фыццаг хæдивæг **Куыцыкты Анзор**, РЦИ-Аланийы ахуырады æмæ наукæйы министры хæдивæг **Магкæты Людмилæ**, Горæтгæрон районы прокурор, юстицийы хистæр уынаффæгæнæг **Къаболаты Ахтемыр** æмæ йе 'ххуысгæнæг **Альбинæ Лакотник**, Горæтгæрон районы муниципалон ахуырады управленийы хицауы хæдивæг **Хъараты Раситæ**, Ногиры Ныхасы сæрдар **Бæззаты Владимир**, Ногиры хъæуыхицау **Сланты Юри** æмæ хъæуы æхсæнады минæвæрттæ. Кадджын линейкæйы скъолайы азæлыдысты Уæрæсейы Федерацийы æмæ Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы гимнтæ.

РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар Дзанайты Барис мадзалы архайджытæн сæрдиаг арфæтæ ракодта æмæ загъта:

— Абон стыр бæрæгбон канд скъоладзаутæн æмæ ахуыргæнджытæн нæу, фæлæ Ногиры цæрджытæн дæр. Ног бындурон цалцæджы фæстæ рæзгæ фæлтæрæн фадат уыдзæн æппæты хуыздæр, дунеон стандарттæм гæсгæ уавæрбинет, физикæ, хими æмæ биологийы предметтæ бæлвырддæр æмæ арфдæр ахуыр кæнынæн. Алы къласы дæр ис — проектортæ. Рацарæзт райдыдта 2020 азы æмæ ныр кæронмæ æххæстгонд æрцыд. Нæ республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойы** Указмæ гæсгæ Цæгат Ирыстоны æппæт районты дæр 44 скъолайы бындурон цалцæг цæуынц ацы азы уалдзæгæй нырмæ. Иутæ дзы сентябры кæрон байгом уыдзысты, иннæтæ та октябры. Рацарæзтмæ хаст æрцыд Ногиры 2-æм скъола дæр. Æппæт ацы хъуыдлæгтæй æмæ нæ зæрдæ даræм, ацы скъола ма бирæ курдиатджын фæлтæртæ кæй бахъомыл кæндзæн, уымæй, — загъта Дзанайты Барис.

ДАДТЕТЫ Тамилæ
Къамтæ систа
ХЪАЙЫРТЫ Дианæ

Æмбырд

Социалон-экономикон рæзты æвдисæн

Цæгат Ирыстоны социалон-экономикон рæзтимæ баст фарстатыл ныхас рауад республикæйы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис цы æмбырд скодта, уым. Архайдтой дзы министртæ, æппæт муниципалон сконды разамонджытæ.

Раздæр уал фæбæрæг министртæ. Хицауады Сæрдар куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй "Арæзтад"-ы программæ конд у 5 азæн, республикæйæн ахсджиаг объекттæ федералон æмвæзадмæ балæвæрдтой, ныр сæ хъуамæ документмæ бахæссой.

Цалынмæ æмбæлгæ хъуыддæгтæ конд цæуой, уæдмæ министртæ хъуамæ æмгуыстад кæной федералон разамонджытимæ. Дзанайты Барис ма рæгъмæ рахаста туризмы рæзты фарста. Ныртæккæ къабазæн цы æххуысы мадзæлттæ ис,уыдонæй комитет хъуамæ æххæстæй пайда кæна. Дзанайы-фырты ныхасмæ гæсгæ, ацы аз Цæгат Ирыстонæн радих кодтой 130 милуан сомы.

"Хъуамæ нæм фæзына нырыккон инфраструктурæ, уымæн йæ ахадындзинад бæрзонд у. Цыдæриддæр федералон æмвæзады проекттæ ис, уыдоны мах хъуамæ архайæм", — загъта Дзанайты Барис. Уымæй дарддæр ма æмбырды архайджытæ æркастысты, районтæ республикон æмæ федералон программæты куыд архайынц, уымæ. Хъуыддæгтæ куыд æнтысынц, уымæ сæ лæмбынæгдæр уæвын хъæуы, хъуамæ æмгъуыдтæ æмæ куыстыты хæрзхъæддзинадмæ къæрцхъус уой.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ

Дзырды фарн

Дæ хистæры коммæ кæс, йæ дзырдтæ дæ зæрдæмæ хæсс!

ГАДУАТЫ Секъа

Боныхъæд

Республикæйы гидрометцентр куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **6 августы,** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **14-19 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **14-16 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 13,00

Хурыскаст — 05,30
Хурныгуылд — 18,30

Валютæйы аргъ

Доллар — 60,41
Евро — 59,67

12+

Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламентмæ æвзæрстытæ

“Иугонд Уæрæсе” — ныфсы фæрæз

”Иугонд Уæрæсе”-йы Адæмон программæ ныхасы гæххæтт нæу, фæлæ цардхъом æмæ хъуыддаджы гæххæтт, — ныфсджынæй зæгъы партийы Цæгат Ирыстоны регионалон хайады нымæрдар Сергей Меняйло.

Уый суыдзæн бæстæйы райрæзты ног æмвæзадмæ ракæнæг фидар æхсойæг тых. Уымæн æмæ программæ фыст цыд хицауады кабинетты нæ, фæлæ адæмы хъæппæристæй. Зæгъæн ис, æнæхъæн бæстæ дæр архайдта йæ саразыныл. Сергей Иваны фырт йæ интервьюйы радзырдта, Адæмон программæйы фæрцы Цæгат Ирыстоны цы ивддзинæдтæ æрцæудзæн, федералон æмвæзадыл республикæ цавæр хъæппæристæ бахæсдзæн æмæ цавæр проекттыл тынгдæр йæ зæрдæ дардзæн, уыдæтты тыххæй.

— Республикæйы Сæргълæууæг уæвгæйæ ма уыцы-иу рæстæг парти "Иугонд Уæрæсе"-йы регионалон хайады разамонæг дæр — уыцы дывæр разамынд æххуыс кæны дæ размæвæрд хæстæ æххæст кæнынæн, æви сæ кæны зындæр æмæ вазыгджындæр?

— Республикæйы сæргъы лæууын æмæ ма уыцы-иу рæстæг парти "Иугонд Уæрæсе"-йы регионалон хайадæн разамынд дæттын — уыцы куыст домы егъау бæрндзинад æмæ тыхджын æргомæздæхт. Фæлæ абон паддзахадон политикæ аразæн ис æрмæстдæр "Иугонд Уæрæсе"-йы хуызæн фæрæзы æххуысæй. Парти сбæрæг кодта бæстæйы райрæзты сæйрагдæр фæндæгтæ æмæ уый у алы регионы рæзты æххæстгонддæр хуызæг. Ахсджиагдæр циу? Æппæты фыццагдæр социалон зæрдæдарæнтæ — хæрзхъæд медицинæ æмæ ахуырадæн, куысты хорз мыздæн, мадæлдзинад хъахъхъæнынæн æмæ аккаг цард кардзыд адæмæн. Æппæт уыдæттæ адæмæн раттын йæ бон у æрмæстдæр экономикон æгъдауæй тыхджын æмæ иудадзыг рæзты паддзахадæн. Æмæ йын ам æххуысы фæрæз у, йæ идеологи æгасæй дæр паддзахадон политикæйы нысанимæ æмхуызæн кæмæн у, уыцы "Иугонд Уæрæсе". Мæ бон зæгъын у, æз, регионы разамонæг уæвгæйæ, мæ куысты пайда кæнын Цæгат Ирыстоны цæрджыты цард фæхуыздæр кæнынæн партийы проектты хъомысджын механизмтæй. Куыд регионалон хайады нымæрдар, афтæ та мæ цæст дардзынæн, цæмæй депутаттæ æххæст кæной се 'взарджыты æппæт ныстуантæ дæр.

Ома, хæстæ æмхуызон сты, регионы Хицауады æмæ партийы размæ дæр.

Уыдон хъæуы æххæст кæнын æмæ уыл у нæ архайд.

— "Иугонд Уæрæсе"-йы Адæмон программæ у дæргъвæтин азты æмæ ахадгæ гæххæтт, уымæн йæ бон у бирæ, чи зоны, бæстæйы царды æппæт къабæзтæм дæр бавналын. Программæ ныридæгæн æххæст цæуы республикæйы. Йæ размæвæрд хæстæ куыд æххæст кæны Ирыстон?

— Бæгуыдæр, стæй æнтыстджынæй. Нысантæ æвæрд сты, æмгъуыдтæ бæрæггонд. Алы проекты фæстæ дæр лæууы бæлвырд адæймаг, бынатылæуд ахæм адæймаг, йæ æнтыстджын райрæзтæн дзуапп чи дæтты.

Адæм кусынц. Æмæ ам мæ хъуыды у æнæивгæ: тæккæ райдайæны дæр сæвæрдтон ахæм домæнтæ — баззайдзысты æрмæстдæр уыдон, кæй бон у, чи арæхсы æмæ сæйрагдæр та кусын кæй фæнды. Мæнмæ гæсгæ, объект хъуамæ арæзт цæуа дзуаппæн нæ, фæлæ сыгъдæгсæрдæйæ, цæмæй дзы бирæ азты адæм пайда кæной, сæ зæрдæтæ сын рухс кæна æмæ уа æдзухдæр хъæугæ. Адæмон программæ бæстæ райрæзыны пълан нæу, фæлæ у, ахсджиаг фарстатæ лыг кæныны домæн æвдыст кæм æрцыд, ахæм гæххæтт. Æмæ уыцы фæндæттæ хаст æрцыдысты, уыдон арæзт сты адæмы хъæппæристы бындурыл, лыстæг ма сыл бакуыстой алы къабазы эксперттæ æмæ специалисттæ. Программæ декларацион нæу, фæлæ æцæг æмæ цардхъомыс.

Мæ зæрдæмæ дзы тынгдæр уый цæуы, æмæ æрмæст регионты разамонджытæ нæ кæсдзысты, Адæмон программæ куыд æххæстгонд цæуы уымæ, фæлæ ма алы адæймагæн дæр гæнæн уыдзæн, йæ фарста куыд æххæстгонд цæуы, уымæ цæстдарынæн.

— Адæмон программæйы хицæндзинад уый мидæг ис, æмæ арæзт æрцыд æппæт регионты æвзарджытæн сæхи фæндæттæм гæсгæ. Цавæр хъæппæристæ равдыста Цæгат Ирыстон та?

— Нæ республикæ 15 мин фæндоны æрæмбырдгæнгæйæ, равдыста хорз разæнгарддзинад. Хатгай адæм иу, кæнæ иннæ æнæлыггонд фарстатыл æрвылбон æмбæлгæйæ, иннæтæй хуыздæр фæзонынц, куыд хуыздæр æй саразын хъæуы, уый.

Уæлдайдæр та хъæппæристæ цыдысты сæхицæй, æнæ бюрократон ивддзинæдтæ æмæ ныхмæвæрдтытæй. Ахæм формат партионтæн фадат радта сæ хъуыдытæ сын рæстæй равдисынæн.

Регионы æнæлыггонд фарстаты бæрæггонд картæ нæ къухы куы уа, уæд нæ зæрды ис Цæгат Ирыстоны Адæмон программæ саразын, уым æвдыст æрцæудзысты нæ республикæйы районты стратегион фæндæгтæ. Уый уæлдай ахсджиагдæр у уымæн, æмæ мах, æрбахæццæгæнæг æвзæрстытæм бацæудзыстæм партийы регионалон хайады Адæмон программæмæ, уый та арæзт æрцæудзæн кабинетты æмæ æхгæд æмбырдты нæ, фæлæ æвзарджыты домæнтæ æмæ ныстуантæм гæсгæ.

Партийы программæ арæзт куы цæуы, уæд адæм ныридæгæн хæссынц фæндæттæ, цæмæй бирæсывæллонджын бинонтæн цæрæнуæттæ дæттыны уæлбартæ æрцæуой уæрæхдæргонд. Фылдæргонд æрцæуой социалон фиддонтæ, бæлвырддæр та — ныййарæджы капиталы бæрц, кæлæддзаг цæрæнуæттæй адæмы хуыздæр рæттæм раивыны куыст фæтагъддæр кæнын, хъæууон хæдзарады, амалхъомад æмæ промышленносты райрæзтæн аккаг уавæртæ саразын.

Æхсæнады æрвылбоны тыхстытæ цæмæй хуыздæр æмбараем, уый тыххæй дарддæр дæр фæнд кæнæм цæрджытимæ фембæлдтытæ аразын. Уый тыххæй та нæ æрбахæстæг кæнын хъæуы нæ архайдмæ æрмæст партион активистты нæ, фæлæ ма нæ фарсхæцджыты, бархионты. Куыст уыдзæн бирæ, фæлæ сæйрагдæр æвзарджытæ сты нæ фарсхæцæг æмæ кæсынц æнхъæлмæ.

— Бетъырбухы цы дунеон-экономикон форум ацыд, уый равдыста Цæгат Ирыстонæн райрæзты стыр гæнæнтæ, йæ хатдзæг та ссис бирæ ахсджиаг бадзырдты бафыст. Адæмон программæ ссис фæхуыздæр кæныны æвдисæн, уыимæ, инвестицион уавæртæн дæр?

— Бæстæйы цытæ цæуы, бæлвырддæр та республикæйы, уыдон баст сты "Иугонд Уæрæсейы нысангонд райрæзты фæндагимæ. Адæмон программæйы æнæхъæн хай арæзт у экономикæйы рæзтæн, йæ сæйраг нысан та у, цас гæнæн ис, уый бæрц хæрзвадат уавæртæ хъуыддаджы хъæппæристæн саразын, мидæггаг базары сыгъдæг ерысæн уаг сæвæрын, антимонополон политикæйы хъомысыл архайын.

Партийы нысан у, цæмæй хъахъхъæд æрцæуа миднацион базар. Цæмæй хæрзвадат уавæртæ арæзт æрцæуа фыдыбæстаг продукци уадзджытæн. Экологон технологиты куыстады рауадзын æмæ нæ компанитæн егъаудæр базарты хуыздæр бынæттæ бацахсынæн феххуыс кæнын. Уый фадат ратдзæн царды егъаудæр проекттæ рауадзынæн, уый фæрцы та фæхуыздæр уыдзæн регионы экономикон уавæр. Мах бацæттæ кодтам егъау проектты ахæм хъуыддаг, кæцы дисы бафтыдта хъомысджын инвесторты.

Фыццаджыдæр, ныхас цæуы Ирыстоны зæрдæмæдзæугæ туристон къабазыл, уый у фидæны хорз фæндаг, нырма ныр райдыдтой гом кæнын æмæ бæрзонд хæрзхъæддзинадмæ цæуын йæ хорзæхтæ. Республикæйы арæзт æрцæудзæн æппæтафонты туристон-рекреацион комплекс "Мамысон", йæ инвестицитæ уыдзысты 19 миллиардмæ хæстæг, йæ сарæзтæй байгом уыдзæн æртæ мин кусæн бынатæй фылдæр. Ноджы ма нысангонд цæуы алыхуызон аттракционтимæ бинонты тематикон парк саразын, афæдзмæ йæм цæудзысты 400 мин адæймаджы бæрц. Йæ аргъыл куы дзурæм, уæд уыдзæн 4,5 миллиард сомы аргъ.

Цæгат Ирыстон æдзухдæр тыхджын уыд аграрон секторæй, абон та санкциты рæстæг хойраджы къабазы райрæзтæн ис уæлдай ахадындзинад. Уымæ гæсгæ тынг ахсджиаг у балер кæсаджы куыст кæнын райдайын. Проекты бюджет у 1 миллиард сомы. Ноджы ма æххæстгонд æрцæудзысты фæткъуыйы дыргъдæтты, дыргъæфснайæн, хъæрмуæтты комплексты арæзтадты проекттæ, агроэкотуристон парк, бирæкъабазджын агропромышленнон комплекс. Кластеры бюджет уыдзæн 34.1 миллиард сомы æмæ дзы фæзындзæн 2308 ног кусæн бынаты. Кæй зæгъын æй хъæуы, райрæздзысты промышленност, медицинæ, ахуырад. Цымыдисаг куыстытæ ис информацион технологиты къабазы, стæй хæрзвадат уавæртæ чысыл æмæ астæуккаг амалхъомады минæвæрттæн саразын. Уыцы æмæ æндæр проектты сæххæст фадат ратдзæн регионы экономикæ сфидар кæнынæн, уый та хорзæрдæм фæзындзæн республикæйы цардыл.

— Сергей, дæ хорзæхæй, ахæццæ ма кæ дæ хъуыды кæронмæ. Адæмон программæ республикæйы æххæстгондыл нымад æрцæудзæн?..

— Алы регионæн дæр ис йæхи хицæндзинæдтæ, уыдон бæрæг кæнынц йæ ахсджиагдæр фарстатæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, раст нæ уыдзæн, афтæ куы зæгъæм, Адæмон программæ æххæст кæныны азты республикæйы æнæлыггонд фарстатæ се 'ппæт дæр иуварсгонд æрцæудзысты, уый, фæлæ алы æнæлыггонд фарстайыл дæр бæлвырд архайд куы цæуа царды йæ рауадзыныл, уæд нымайæн ис нæ хæс сæххæст кодтам. Фæлæ Адæмон программæ сæххæст кæнын бæстæйæн æмæ регионæн дæр стыр ахъаз кæй фæуыдзæн ныфсджын райрæзты фæндагмæ рахизынæн, уый дызæрдыггаг нæу.

(Мыхуыргонд цæуы лæвар)

Хæстыты рамбылд æрцæуы скъолайы партæтыл

Республикæ
Цæгат Ирыстон-Аланийы
æвдæм равзæрст Парламенты
депутатты æвзæрстытæ
2022 азы рухæны мæйы 11-æм боны

ПАРТИЯ РОДИНА РОССИЯ

Хъæлæс кæнут

№1

Дунейы æппæты хуыздæр фыдыбæстаг ахуырады системæ ænахуыр, зынæмбарæн реформæты, фылдæр талф-тулфæй фæлварæны хуызы, абон ис фæдисы уавæры. Райрæзт æмæ æмгуыстады экономикон организаци иртасæн куыстытæн цы 65 бæстæйы равзæрста, уыдонимæ ис Уæрæсе дæр æмæ ахуырады хæрзхъæдмæ гæсгæ ис 39-æм бынаты.

Уыцы зæрдæриссæн ивддзинæдтæ лыстæг не 'взаргæйæ, бацархайдзынæн, уыцы æхсæнады цардарæзты ахсджиагдæр стратегион къабазы абоны сæйрагдæр æнæлыггонд фарстатæ радих кæнын. Ныронг иуварсгонд не 'рцыд бюджетон финансты (цыма дзы баззайы, уый принцип) ахуырады къабазы: кæд Уæрæсейы Федерацийы æрвылазон хæрдзтæ ВВПйы (мидæг валон продукт) 0,9 проценты йеддæмæ нæу, уæд чысыл райрæзт паддзахæдты, зæгъæм, Кубæйы та у 12 проценты. Уымæй цæуы, ахуырадон уагдæтты материалон-техникон фæрæзтæ кæй нæ фаг кæнынц фæрæзтæ ахуырады интерактивон формæтæ саразынæн, информацион коммуникацион технологитæй пайда кæнынæн, уый фылдæр хауы хъæууон скъолатæм.

Уый аххосæй æххæстгонд нæ цæуынц, ахуыргæнджытæ æмæ педагогты гæнæнтæ сæ царды уавæртæ фæхуыздæр кæнынæн сæ æхсæнадон кад æмæ социалон ахадындзинад сын фæбæрзонддæр кæнынæн, уый фадат радтид æрыгон специалисттæ ахуырады къабазы ныффидар кæнынæн.

Зынгæ хъуагдзинæдтæ ис ахуырадон-хъомыладон куысты организацийæн йæхи мидæг дæр. Сæдæгай азты арæзт цы педагогон дихотомийы бындурон принцип арæзт цау — ахуыр æмæ хъомылады æрдзон, æнæфæхицæнгæнгæ иудзинад хæлд æрцыд: педагог иуварсгонд æрцыд хъомыладон куыстæй. Цыфæнды фæлмæн хъомыладон мадзæлттæй ахуырдзаумæ спайда кæнгæйæ каст цæуы, куыд æнахъомы бартæ халын æмæ гæнæн ис, моралон æфхæрд райсæн, кæнæ та ноджы æвзæрдæр, барадон æгъдауæй æфхæрд баййафæн.

2004 азы цы федералон паддзахадон ахуырадон стандарттæ конд æрцыдысты, уыдон хъуамæ исты хуызы фæхуыздæр кодтаикой организацион-методикон æнæлыггонд фарстатæ, фæлæ уыцы хæс саразын сæ къухы нæ бафтыд.

Уымæй уæлдай, ахæм унифицирон хуызæг ныллæгдæр кæнынц ахуырады ерысон æмвæзад, ноджы ма æвзæрын кæнынц æнæхъæугæ, æнæпайда гæххæттыты ракал-бакал. Уæрæсейы Федерацийы ахуырады уагæвæрд хуымæтæджы нымад нæу æппæты бюрократизацигонддæрыл: ахуыргæнджытæ алыхуызон пълантæ æмæ дзуаппытæ фыссыныл хардз кæнынц сæ куысты рæстæджы æртыккаг хай.

Арæх цы ивддзинæдтæ æмæ растгæнинæгтæ æрбарвитынц, уыдонæн нæ фæфаг кæны ахуыргæнæн литературæ æмæ скъолайы дидактикон æрмæджытæ, зæгъæм, ацы аз сентябры конд æрцыд ног ахуырадон стандарт 2-5 кълæстæн, ахуыргæнæн чингуытæ та сын уагъд не 'рцыд.

Организацион-методикон къуыхцытæм ахæссæн ис Æппæтуæрæсеон бæрæггæнæн куыстытæ (ВПР), уыдон фыссынц 4-æй 11-æм къласы онг. Уыцы куыстытæ арæзт цæуынц контролон-базонгæйы уагыл æмæ ницы бар дарынц ахуырдзауы кæройнаг бæрæггæнæнмæ, фæлæ ахуырдзаутæн та у уæлæмхасæн моралон уаргъæвæрд. Ахуыргæнджытæ æмæ скъолаты разамонджытæ æрмæст дзуапп нæ дæттынц æппæтуæрæсеон бæрæггæнæн куыстыты цæттæдзинадæн, фæлæ ма рагацау сæхи æмæ сывæллæттыты цæттæ кæнын райдайгæйæ, сафынц иу кæнæ иннæ æрмæгæн нысангонд бирæ сахæттæ.

Иу та дзы ахуырадон реформæты "мардæйрайгуыргæ саби" — бæллæхы ЕГЭ у, скъолайы фæлварæнтæ механикон, æнæуд гæнæнтæй баивыны фæлварæн, уый у иунæг хуымæтæг мадзал ахуырдзауы зонындзинæдты æмвæзад базонынæн. Йæ аппы уымæн æвæрд ис бæлвырд арæзт тестты схемæ, ома, иугæндзон хæстæ, нымад нæ цæуынц ахуырдзауы креативон æмæ сфæлдыстадон миниуджытæ, хъыгдарынц сæ хæдбарæй хъуыды кæнынæн. Ахуыргæнджыты коллективы куыстæн аргъгонд цæуы ЕГЭ-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, уый фæдыл бирæ педагогтæ фылдæр архайынц мидисджын уроктæ бацæттæ кæныныл нæ, фæлæ скъоладзауты тесттæ сахуыр кæныныл æмæ аттестаци æнтыстджынæй раттыныл. Ахæм ахуырадон "ногдзинад" фæсивæдæн дæтты æрмæстдæр иунæг хорзæх, сæ бон бæстæйы хуыздæр уæлдæр скъолатæм, уыдонимæ Мæскуы æмæ Бетъырбухы уæлдæр скъолатæм бацæуын, уæвгæ иуæй-иу хорз уæлдæр ахуыргæнæндæтты аразынц уæлæмхасæн фæлварæнтæ.

Фæстаг дæс азы ахуырады цы бирæ æнæлыггонд фарстатæ сæмбырд, уыдон, хъыгагæн, нымайгæйæ бирæ рæстæг бахардз уыдзæн, æз дзы фæбæрæг кæндзынæн, системон характер кæмæн ис æмæ сæ алыг кæнын æрмæст бæрзонддæр паддзахадон разамындæн кæй у, уыдон. Уæдæ нæ фидæны парламентаритæ, уæлдай нæу, цавæр политикон тых кæнæ партийы минæвæрттæ сты, хъуамæ саразой æппæтдæр, цæмæй уыцы фарстатæ кæмæ хауынц, уыцы структурæтæ ведомствæты разамонджыты, фыццаджыдæр, федералон оргæнты æргом раздахой уавæр бындуронæй аивыны æвæстиат мадзæлттæ саразынмæ.

Æрмæджы сæргондмæ цы хъуыды рахастам, уый раджы сси æнæбыцæу æцæгдзинад. Æмæ, абон скъолайы партæтыл чи бады, уыдонæй бирæ аразгæ у, Ныгуылæны коллективон æртхъирæнтæ æмæ хъысмæтхæссæг расидтыты ныхмæ æрлæууын нæ бон бауыдзæн æви нæ, уый.

Хæсты кæрон аразгæ у æрмæст æфсæддон-промышленнон æмæ хæцæнгарзы технологон уавæрæй нæ, фæлæ уды фидарæй, æхсар, лæджыхъæд æмæ цæуыл тох кæныс, уыцы хъуыддаджы рæстдзинад банкъарынæй.

(Мыхуыргонд цæуы лæвар)

Литературæ

Хурзæрин

Аивад

Мадæлон æвзаджы ахуыргæнджытæн

Доны æртæхтæ – поэзийы мыртæ

(СКЪОДТАТЫ Эльбрусы æмдзæвгæйыл афæлгæст)

Финкæкалгæ, медкъæдзæхтæ
Цурд-цæрдæг æй Фиййагдон.
И дортæбæл æнгулдзæхтæ
Ку фæккæнуй æ тагъд дон...

Иснæуæг уй, — тæвдæ сæрди
Ка си рахснуй æ цæсгон,
Исфæлмæн уй кизги зæрдæ,
Рахæсгæй си рæсог дон.

Хор ку райзайуй аууони, —
Е 'й нимбæрзуй æ тунтæй!
— Дон исдавæ дæ гогойни, —
Басугътай мæ æд бунтæй.

Исрæуæг дæн, иснæуæг дæн,
Истæнзæрдæ дæ ду дæр!
Билгæрони деденæгтæ
Байæфсæрми 'нцæ куддæр...

Финкæкалгæ, медкъæдзæхтæ —
Ци рæсог æй Фиййагдон!
Æ билгонмæ æнæздæхгæ
Некæд фæууй фæндаггон...

Цæугæдоны фæлгонц ирон поэзийы æрцахста зынгæ бынат. Йæ уылæнты хуызæн уый дæр, æнæрлæугæ, хæссы алыхуызон æнкъарæнтæ чиныгкæсæджы æнхъæлцау зæрдæмæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, нæ поэтты цымыдис уый "æнæфехалгæ" нæ фæцис æмæ тынг бирæ хæттыты ссис сæ уæлтæмæнады ратæдзæн. Дзырд дæр ыл нæй, нæ дзырдаивады дæснытæн фылдæр сæ хъусдард Ирыстоны стырдæр цæугæдон Теркыл кæй æрлæууыд, ууыл. Стыр дурæн стыр тулæн куыд ис, афтæ стыр цæугæдонæн дæр ис стыр уылæн. Уый та, кæй зæгъын æй хъæуы, цæсты тынгдæр ахады. Æрымысæм-ма Дзанайты Иваны "Терк", Гафезы "Днепр, Днепр...", Балаты Темболы "Терк" æмæ "Æрыдоны донæн", Хозиты Яковы "Терчы хъаст", Барахъты Гинойы "Æрыдон — æррадон" æмæ "Дон" æмæ æндæртæ. Уыдоны уацмысты — Терчы цæугæдоны сурæт канд сæйраг архайæг не ссис, фæлæ-ма æрдзы хай, фыдызæххы кæцыдæр хайы цыкурайы фæрдыг, сабидуджы — хинайæн бынат, хистæртæн — мысинаг æмæ афтæ дарддæр. Афтæмæй цæугæдоны фæлгонцы канд æрдзон тых нæй, фæлæ ма æмоцион хъомыс дæр, сæ ахадындзинад та авторы къухы бафты æмдзæвгæты мидæг æнкъарæнты арæхстджын ранывæсты фæрцы. Æмæма нæ уый иухатт бауырны, **Скъодтаты Эльбрусы æмдзæвгæ "Финкæкалгæ, медкъæдзæхтæ"...** (мидисамад нæ зæрдыл куы æрлæууын кæнæм, уæд. Поэтикон уацмыс фыст у **Фыййагдоны** цæугæдоныл, фæлæ йын йæ ном сæргондмæ нæ рахаста. Мидисамад райдыдта цæугæдонæн комкоммæ йæ уылæнты змæлдæй æмæ къæдзæхты æхсæн абухынæй. Архайды райдиан иу чысыл хъазæгау рауад, æцæг, уый ууыл дзурæг нæу мидисамадæн бындурон ранывæст нæй:

Финкæкалгæ, медкъæдзæхтæ
Цурд-цæрдæг æй Фиййагдон.
И дортæбæл æнгулдзæхтæ
Ку фæккæнуй æ тагъд дон...

Фæлæ, уый æрмæстдæр мидæмæ хонæджы хуызæн у. Æмæ йын уæлæнгай схонæн ницы хуызы ис, уымæн æмæ дарддæр мах фенæм йæ **"фынджы бæркад"**. **Фыццаджыдæр** дзы мах фембæлæм цæугæдоны сурæты фæткæвæрдадон æууæлты ахадындзинадыл; **дыккаджыдæр**, автор йæхи хизы **"къæбæлдзыг ныхасыуагæй"** æмæ йæ уый тыххæй баивы хуымæтæг ныхасы комулæфтæй. Æмæ йæ уымæ гæсгæ бахъæуы æндæр ахорæнты сæр: автор ныв кæнынмæ зивæг нæ кæны, цæугæдоны уылæнтæ йæ сæнтты хуызæн йæ армытъæпæныл байтауы æмæ дзы алкæмæндæр нæмттæ радты: хистæр, амонæн, астæууккаг, æнæном, кæстæр... Æнæном поэт скæны, уылæнтæй мæгуырдæр, æгъуыздæр чи рауайы, уымæн. Уый фæстæ йæ дыууæ армытъæпæны æрбатымбыл кæны, хæстæгдæр уылæнæй дон фелвасы æмæ йæ **"тæвдæ сæрди"** йæ уарзон чызджы былтæм æфсæрмыгæнгæ схæссы:

Иснæуæг уй, — тæвдæ сæрди
Ка си рахснуй æ цæсгон.
Исфæлмæн уй кизги зæрдæ,
Рахæсгæй си рæсог дон.

Æмдзæвгæйы фыццаг дыууæ строфайы фæстæ чиныгкæсæджы хъусдард фæкъæрцхъусдæр вæййы æмæ хатын райдайы авторы мидисамады хаххæн йæ арæнтæ. Ома, ахæм æмæ ахæм цæстæнгасы бынмæ каст æрцыдис **Фыййагдоны** цæугæдонæн йæ хæххон балцы хай; чи зоны, Куырттаты комы, йæ былгæрæттыл чи схъомыл, уыдонмæ æндæр хуызон фæкастаид (лæг алы бон кæй уыны, уый йæм диссаг нал фæкæсы), фæлæ фæлгонцы авдæн". Автор ма ноджы уымæй рамбылдта, æмæ архайды бацæуын кодта цæугæдоны былгæрæтты дæр — цæрæг удæй, зайæгойæ, дурæй, — алкæй дæр. Æмæ, æппæты сæйрагдæр, æмдзæвгæйы астæууккаг хай æрдзон хуызы ссис мидисамады ранывæсты хъæугæ хай. Кæд раздæр авторы æрдзы, цæугæдоны алфамбылайы нывтæ хъуыдысты лирикон хъайтары уавæр равдисынмæ, уæд æртыккаг цыппарæнхъон та — йæ миддунейы цин равдисынмæ:

Исрæуæг дæн, иснæуæг дæн,
Истæнзæрдæ дæ ду дæр!
Билгæрони деденæгтæ
Байæфсæрми 'нцæ куддæр...

Æмдзæвгæйы иу хайæ — иннæмæ уацмысы хъуыды хизы æрдзон хуызы, лирикон хъайтары сурæт дæр йемæ рæзы стилистикон æмæ ныхасыздæхтон хуызы.

Афтæ, цадæггай, фæлгонцы арæнтæ ирддæр разынынц æмæ йын йæ мидис байдзаг кæнынц арф хъуыдыйæ. Мидисамады дыккаг хай ма хицæн кæны уымæй, æмæ цæугæдоны сурæт баиу вæййы фыдызæххы æппæтадæмон фæлгонцимæ, æмбарынадимæ, цæсгомимæ. Æмткæй, цæугæдоны нывæфтыд кæнын ног нæу ирон поэзийы, фæлæ Эльбрус йæ номы хуызæн сбæрзонд кодта **Фыййагдоны** æрвон хуыз. Поэт æй равдыста Ирыстоны æрдзы удæгас къабазæй, Куырттаты арф комæй Бехъаны онг йæ былгæрæттыл чи цæры (уыдон та сты дыууæ районы цæрджытæ), уыцы адæмæн цардыхос чи хæссы, ахæм цæугæдонæй. Иннæрдыгæй та йæ автор æнæзынгæ тæгтæй бæтты йæхи (фæндаггоны) хъысмæтимæ дæр:

Финкæкалгæ, медкъæдзæхтæ —
Ци рæсог æй Фиййагдон!
Æ билгонмæ æнæздæхгæ
Некæд фæууй фæндаггон...

Фыййагдон стыр цæугæдон нæу, фæлæ йын Скъодтайы-фырт йæ кад тынг бæрзонд систа, сæнусон æй кодта. Чиныгкæсæг (уæлдайдæр та — йæ былгæрæттыл чи цæры, уыдон) дæр æй исы ахæмæй æмæ бузныгады бацæуы курдиатджын авторæн. Уыдонæй иуыл æз нымайын мæхи дæр, уымæн æмæ æз дæр сабийæ фæстæмæ схъомыл дæн йæ былгæрæттыл, растдæр зæгъгæйæ та — йæ галиу фарсыл. Мæ райгуырæн хъæу Рассвет дæр уым аивæзта цæгатырдæм йæхи. Алцыдæр хорз, фæлæ цæугæдоны былгæрон мæ сабибонтæ æз арвыстон. Йæ хабæрттæ та мын Эльбрус ракодта — ирд æмæ бæлвырдæй. Уый та дзурæг у, чиныгкæсæджы бузныджы, арфæйы ныхасы аккаг чи у, ахæм зæрдæты хæстæгдзинадыл. **Æмæ уымæн бамбарæн ис: алы поэт дæр дзырдаивады мидæг тырны уидæгты рухс æмæ къабузты зарды иудзинадмæ.** Æнæ рухс — зарæгæн уæвæн нæй. Ахæм у сфæлдыстады удыхъæд: рухс æмæ æлты цæхæрæй райгуыры уæлтæмæнад æмæ ныррухс кæны поэты зæрдæ, йæ хъарм уылæнтæй та райгуыры зарæг æмæ афтæмæй ахизы адæмы зæрдæмæ.

Æрмæстдæр ахæм хъысмæты хицауæн йе сфæлдыстады аивадон дуне æнхъæвзы ногдзинады комулæфтæй. Поэзи ахæм монон уаваæры куы нæ бахауа, уæд стихамайæг хæдбындур фæзынды æмвæзадмæ никуы схиздзæн. **Æнæмæнг, ахæм поэтикон уæвынады фæстиуæгыл банымайын хъæуы Скъодтаты Эльбрусы æнæном æмдзæвгæ "Финккалгæ, медкъæдзæхтæ..."**. Автор ын йæ текст арæхстджын къухæй систа зарæджы æмвæзадмæ. **Фыййагдоны** уылæнтæ йын йæ зæрдæйы цы рæсугъд æнкъарæнтæ ныууагътой, уыдон ын фестадысты æнцонады æмæ æхцонады хос. Цæугæдонæй цы алæмæты комулæфт цæуы, уый дзурæг у хæххон æрдзы удæгасдзинадыл. Суанг "билгæрони деденæгтæ" дæр æфсæрмы кæнын зонынц. Къæдзæхты æхсæн фынккалгæ æмæ заргæ згъоры **Фыййагдон**. Æмæ йæ былгæронмæ, цыма кувæндонмæ, афтæ æнæбаздæхгæ нæ фæвæййы фæндаггон.

БАРЫСБИ

Радзырд

Æвзæр лæппуйы аргъау

Уазал изæр. Бинонтæ æрбамбырд сты иумæ. Чындз къонайы раз арты фарсмæ бады æмæ бийы, йе 'фсин та хъеллаугæнæн къæлæтджыны чиныг кæсы.

— Нана, нана! Аргъау ма мын радзур! Мамæ афтæ загъта æмæ бирæ аргъæуттæ зоныс, — æрбалыгъди иннæ уатæй Аслан æмæ йæ нанайы хъæбысы смидæг.

— Уæй... Мæнæ цы уæззау дæ! Кæм айрæстæ афтæ тагъд?! — дзуры йын дисгæнгæ сылгоймаг, дзæбæх æй æрбахъæбыс кодта, афтæмæй.

— Это меня мама так покормила, что я ныууæззау! — дзуры лæппу, йæ фыд йæ бинойнагмæ худы, — Я говорил: Нæ мæ хъæуы уыйбæрц! Но она говорила: Хæргæ кæн, æндæра гыццылæй баззайдзынæ!

Нана худгæйæ Асланы рустæ аивæзтытæ кодта:

— Раст дын загъта мамæ, хъуамæ дæ фыдау стыр лæг суай.

— Нана, æмæ æз Русланимæ куы фæхъазын, уæд мын уый афтæ фæдзуры: "Ды лæг нæ дæ! Æз тыхджындæр дæн!" Стæй æвзæр лæппу у, йемæ нæ фæхъазæм, фæлæ нæ уæддæр нæ фæуадзы нæхи бар, — тæргайгæнгæйæ сдзырдта сывæллон.

— Уыцы Русланæн иу бон, мамалийау йæ пакъуытæ ныттонын хъæуы.

— Что значит "мамали", ма? — разылд Аслан йæ мадмæ.

— Петух, — мæстыйæ йын загъта чындз.

— Æнхъæл дæн, кæйдæр аргъау хъуыди? — фæлмæнæй ныхас йæхимæ айста æфсин.

— О, нана! Мæн хъæуы аргъау, — разыйы тылд бакодта йæ сæр Аслан.

— Уæдæ хъус. Царди æмæ уыди иу æнæном хъæуы, иу бинонтæм, иу æвзæр лæппу.

— Æвзæр та цæмæн уыди, нана? — фæрсы Аслан, нанайы цæстытæм кæсгæйæ.

— Ныртæккæ дын уый дæр радзурдзынæн. Фæлæууу уал, — зæгъы йын нана, йæ къухæй йын йæ дзыккутæ лæгъзытæ кæны, афтæмæй.

— Йæ фыд уыд зæхкусæг, йæ мад дæр куыста, фæлæ мæ айрох ис кæм. Лæппу йæхæдæг уыд тынг галиу... Дзырдмæ нæ хъуыста, "ма кæн" не 'мбæрста. Зæгъæм, хæргæ-хæрын цъæм-цъæм кодта, йæ къусы-иу йæ къухтæ нытътыста, æмæ-иу ын исчи уайдзæф куы кодта, уæд-иу хъæр-хъæлæба систа. Фæлæ, иннæрдыгæй уыд рæсугъд лæппу: азтæй йыл фондз-æхсæз цыдаид, къæбæлдзыг, саусæрыхилджын, йæ цæстыты, цыма, æнæхъæн арв бацыд, уыйау зæрдæ рæвдыдтой... Иу дзырдæй: Хуыцауы къухæй ныв сывæллон.

— Нана, æмæ йæ кæд Хуыцау сныв кодта, уæд æвзæр цæмæн у?

— Хъусгæ кæн, мæ къона.

Рæстæг цыди æмæ уыцы лæппуйæн фæзындысты æмбæлттæ. Иумæ-иу дзæбæх хъазыдысты, фæлæ-иу хъазгæ-хъазын ацы лæппу йæхи иннæтæй уæлдæр кодта, йæ тых сыл æвзæрста. Уыдоны дæр-иу нал фæндыд йемæ хъазын. Фæлæ йæхи нæ урæдта æмæ-иу сæ хынджылæгæй мардта: "Сымах лæгтæ не стут! Æз та дæн! Æз тыхджындæр дæн, сымах та мæ цыппарæй дæр нæ фæнæмдзыстут!" — æмæ-иу сывæллæттæ сызнæт сты.

— Прям как Русик... — ныссагъæс кодта Аслан. Нана йæм кæсы, цымæ цы зæгъдзæн дарддæр,зæгъгæ. Чындз бийы, фæлæ уый дæр йæ хъус дары йе 'фсины ныхæстæм. — Нана, æмæ цæмæн кодта афтæ? Уый æмбал нæу, афтæ дæ мæстæй чи мары, æмæ йæ хорз лæппу дæр не схондзынæ... — загъта сывæллон æмæ йе 'рфгуытæ нылхынцъ кодта.

— Раст хъуыды дæм ис, фæлæ мæ дзырд нæма фæдæн.

Лæппу-иу иннæтыл куы фæтых, уæд-иу йæ фыдæн æппæлыд. Фæлæ йæм йæ фыд хыл йеддæмæ ницы кодта.

Раздæр-иу бинонтæ иумæ æрбадтысты сывæллонимæ, цалынмæ йæ ныййарджытæ куысты уыдысты, уæдмæ, æмæ-иу дзы къафетты ныхмæ мады кæнæ фыды ралгъитын куырдтой. Гыццыл сывæллон цы æмбары? Къафетт уыны æмæ йæ хъæуы. Афтæ фæцахуыр ис æлгъитыныл.

Чысыл-иу исты раст нæ сарæзта, уæд-иу алырдыгæй — дзæхстытæ. Афтæ фæцахуыр йæ тых искæуыл æвзарын.

— Нана, æмæ уæд уый æвзæр лæппу нæу. Уый æвзæр хъомыл лæппу у. Хъуыды кæныс, куы дзырдтай мамайæн: "Сывæллон алцыдæр хъуыды кæны æмæ йæ йæхимæ исы" — фæгæпп кодта Аслан æмæ йæ нанайы афæзмыдта: йæ рахиз къухы æнгуылдз уæлæмæ систа æмæ йæ сæр уынаффæгæнæгау батылдта.

Чындзы былтæ худынæзмæлд бакодтой, йе 'фсин дæр бахудт:

— О, мæ хур, раст дæ.

— Фæлæ дарддæр та? Цы фæци уыцы æвзæр лæппу? — дзуры Аслан, фæстæмæ нанайы хъæбысы бадгæйæ.

— Ницы. Цæры æмæ цæрдзæн, цалынмæ ныййарджытæ сæ сывæллæтты хъомыладмæ худæджы цæстæй кæсой, уæдмæ.

ГОБОЗТЫ Агуындæ

Поэзийы уылæнтæ

МОРГУАТЫ Юри

Æцæг лæг адæмæй хæс дары

Лæг фыццаг хæс дары мадæй,
Уый йын радта цард лæвар.
Дары дыккаг хæс дæр мадæй,
Йе 'хсыр дын фæуæд хæлар.
Мады хъарм хъæбысы бадтæ,
Уым æхцон æмæ фæлмæн.
Ныййарджыты адджын батæ
Уды бауагътой кæлæн.
Дарыс хæс дæ хорз сыхагæй,
Иумæ 'рвитут царды бон.
Дзаг уæ хордонтæ бæркадæй,
Ма базонут, ма, зындон.
Хæс дæ бæстæйæ дæр дарыс,
Уым дæ фыды уæзæг ис.
Хæст, кæнæ фыдбылыз рацыд,
Хъуамæ ды кæнай фæдис.

Дохтыр

Арын дзы Кудзаты Хъазыбеджы ном

Дохтыртæ, дохтыртæ тагъддæр,
Рынчын æнхъæлмæ кæсы.
Дохтыры кæлæнты руаджы
Рынчын йæ къæхтыл лæууы.

Дохтыры куыст у бæрæгæй
Рынчынты цардимæ баст,
Цал уды байстай мæлæтæй,
Уал арфæ адæмæй райс.

Дохтыр, дæ къухтæ 'мæ зондæй
Дунемæ цинтæ хæссыс,
Лæг, цыма, райгуыры ногæй,
Афтæ дзæбæх æй кæныс.

Куысты фæллад уай, æвæллад,
Рынчынтæй чи зоны уый,
Мидбылхудт, фæлмæн цæстæнгас,
Рынчынæн удхос вæййы.

Хорз дохтыр зæдыл нымад у,
Хорз дохтыр Хуыцауы лæвар.
Хорз дохтыр адæмы фарн у,
Хорз дохтыр Ирæн дæр кад.

Джызæлы дзуар

Джызæлы дзуарæн — Рыны бардуагæн,
Иумæ акувæм.
Нæ сывæллæттæн, нæ гыццыл хуртæн
Амонд ракурæм.
Сæ царды бонты рæсугъд фæндæгтыл
Заргæйæ цæуой.
Сæ ирон æгъдау, сæ фыдæлты фарн
Макуы рох кæной.
Сæ фыдыбæсты, сæ уарзон хъæуы
Райгæйæ цæрой.
Бабайы хуртæ, Нанайы цинтæ
Хъазгæйæ рæзой.
Иры кæстæртæ хистæрты кадæн,
Арфæхъом куыд уой,
Нæ Ирыстонæн, фыдæлты фарнæн,
Хорз лæггад кæной.

Ирон мыггæгтæ

Ирыстон, тулдз бæласау, фидар,
Лæууы Кавказы астæу раст.
Йæ адæм кауыбыды михтау,
Æнгом ирон мыггæгтæ баст.

Базард.
Ирыстон — ирæттæн сæ хур,
Ирыстон — мыггæгты бындур.
Сæ астæу хистæртæ лæууынц,
Æгъдау фыдæй-фыртмæ дæттынц.

Нæ кад, нæ зонд æмæ нæ фарнæй,
Куыд судза арты зынгау цард.
Куыд хæра ард ирон йæ кадæй,
Йæ хорзы кой куыд хъуыса дард.

Цъæх арвыл стъалытæ куыд судзынц,
Нæ уадзынц мин азты сæ тахт.
Гъе афтæ, мыггæгтæ дæр кусынц,
Кæнынц Ирыстонæн лæггад.

Нæ зынаргъ мадæлтæ

Лæгмæ æгъдау кæцæй цæуы,
Кæм райгуыры йæ тых.
Кæм равзæры йæ уды фарн,
Кæм ысвæййы хъæддых?
Фыццаг цъæхаст дзыхыдзагæй,
Фыццаг къахдзæф, уæндон.
Гъе уым вæййы дæ мады арм,
Гъе уым вæййы йæ ном.

Мадæн гимнтæ фæзарæм.
Фæхонæм æй нæ хох.
Фæлæ йын йæ зæрдæ скъахæм,
Куы йæ фæкæнæм рох.

Мæ царды фæд

Мæ царды фæд, хæххон донау,
Гакъон-макъон рацыд.
Мæ уды сконд иуæй-иутау,
Сæ тасæгтæй нæ разынд.
Нæ зыдтон æз ныллæг кувын,
Нæ тасыди мæ гуыр.
Мæ удхæссæг — лæгъстæ кæнын,
Нæ уагъта мæ цыдæр.
Нæ бауарзтон гæды митæ,
Нæ сайдтон æз лæджы.
Нæ сарæзтон ыстыр бынтæ,
Мæ фаг мын уыд кæрдзын.
Фæлæ уæддæр æз разы дæн,
Мæ царды хайæ ныр.
Мæ уды сконд æндæр цардæн,
Нæ бæззыди æппын.

Фарс бацæттæ кодта
ХОЗИТЫ Барис

Спортивон фидиуæг



Футбол

Уазæгуаты фесты хæрæгсаст

Уæрæсейы фыццаг къорды футболон чемпионаты 4 сентябры командæтæ акодтой 8-æм туры хъæзтытæ. Дзæуджыхъæуы "Аланыстон" уыцы бон уазæгуаты фембæлд Хъазаны "Рубин"-имæ.

"Аланыстон" ацы хъазты размæ Ульяновскы "Волгæ"-йæн кæй фæхæрд, уый, æвæццæгæн, фæзынд, "Рубин"-имæ фембæлды хъазæн фæзмæ чи рацыд, уыдоны номхыгъдыл. Хъазаны нæ командæйы уыдысты: **№1 — Ростислав Солдатенко, №5 — Багаты Алан, №13 — Зассеты Азæмæт (56' — Хæбæлаты Алан №77), №8 — Хуыгаты Алан, №4 — Хъæцмæзты Сослан, №80 — Хосонты Хетæг, №15 — Хъоцыты Хетæг, №28 — Максим Петров (56' — Андрей Мазурин, №78 — 76' Александр Комиссаров №59), №20 — Артур Галоян, № Аршак Корян (69' — Цоциты Алан), №14 —Ислам Машуков.**

"Рубин" афæдзы размæ уæлдæр къорды кæй хъазыд æмæ ныр йæ нысан фæстæмæ уырдæм схизын кæй у, уый зындгонд у йæ абоны ныхмæлæууæг командæтæн се 'ппæтæн дæр. Æвæццæгæн, уыцы зондæй хуынд æрцыд "Рубин"-мæ **Дзæгъойты Алан** дæр. Хъазаны командæйы сæйраг тренер **Леонид Слуцкий** Дзæгъойты Аланы йæ командæйы рæнхъыты фыццаг хатт фæзмæ ракодта "Аланыстон"-имæ фембæлды. Алан дæргъвæтин рæстæг йæ цæфтæ кæй дзæбæх кодта, уый аххосæй ерысты нæ архайдта, фæлæ ныр куыдфæстæмæ йæ тыхы кæй бацæудзæн, уый бæрæг уыд йæ архайдæй.

"Аланыстон" кæд уазæгуаты хъазыд, уæддæр фыццаг таймы пурти фылдæр уыдис нæ футболисттæм. Дзæуджыхъæуккæгтæ сарæзтой зынгæ фылдæр ныббырстытæ. Цалдæр хатты сын бантыст фысымты дуармæ бацæуæнтæм баирвæзын, фæлæ хъуыддаг пурти дуары хызыл сæмбæлын кæнынмæ не 'рцыд.

Хъазты фыццаг æмбисы цалдæр хатты йе 'мбæлттæн хорз уавæртæ сарæзта Артур Галоян. 10 минутыл Ислам Машуков бæргæ хорз цæф ныккодта 17 метры дæрддзæфæй, фæлæ пурти чысыл уæлдæрты атахт дуары разхъæды сæрты. 13 минутыл Зассеты Азæмæт тынг хорз лæвæрд æрбакодта йе 'мбæлттæм фысымты дуармæ бахизæнмæ, фæлæ та фысымтæ фæразæй сты æмæ сæ дуар бæлæхæй бахъахъхъæдтой. Уымæй аст минуты фæстæдæр цырд хъазт акодта Хъæцмæзты Сослан. Бæргæ хорз лæвæрд æрбакодта пурти фысымты дуармæ бацæуæнмæ, фæлæ та ацы хатт дæр пурти дуары хызмæ нæ бакуымдта батæхын. Бынтон хæстæг уыдысты алайнæгтæ гол бакæнынмæ, 33 минутыл Галоян, Корян æмæ Машуков цы цырд хъазт акодтой, уым ма сын пурти хызы бакъуырын куы бантыстаид, уæд уый уыдаид футбол рæсугъд чи кæны, ахæм фæзынд, фæлæ фысымты хъахъхъæнæг йæхи фехста пуртийы размæ æмæ йæ фæстæмæ ракъуырдта. Уый фæстæ дæр ма иу хорз цæф ныккодта Хосонты Хетæг, фæлæ та ныр дæр пурти фысымты дуаргæс акъуырдта иуварсмæ.

Фыццаг тайммæ ма тæрхонгæнæг цы 3 минуты бафтыдта, уым фысымтæ цырд ныббырст ацарæзтой æмæ тынг хæстæг уыдысты пурти "Аланыстон"-ы дуары фæмидæг кæнынмæ, фæлæ сæ размæбырсæгæн йæ цæф хæрзчысыл нæ фæрæстмæ.

Хъазты фыццаг æмбис ахицæн 0:0 хыгъдæй. Дыккаг таймы хъазты цыд рауад æндæрхуызон. Фысымтæ алайнæгты архайдæй раст хатдзæгтæ скодтой, æмæ сæ хъазт фæцырддæр. Арæхдæр аразын райдыдтой æвиппайды ныббырстытæ, æмæ сын уыдонæй иуы, 50 минутыл бантыст хыгъд байгом кæнын. Пурти уазджыты дуары бакъуырдта "Рубин"-ы размæбырсæг **Лисакович**. Хыгъд 1:0 "Рубин"-ы пайдайæн ахаста 66 минутмæ. Уый размæ дыууæ хатты Артур Галоян æмæ Хосонты Хетæг бæргæ хорз уавæртæ сарæзтой хыгъд сæмхуызон кæнынæн, фæлæ уыдоны бæсты æнтыстджындæр разынд "Рубин"-ы хъазæг **Илья Самошников**. Уый йе 'мбæлтты ныббырстæн кæронбæттæн скодта 2-аг голæй "Аланыстон"-ы дуары. Хыгъд 2:0 "Рубин"-ы пайдайæн фæцис 82-æм минуты онг. Нæ футболисттæ се 'ппæт тыхтæй дæр архайдтой хъазты хыгъд аивыныл, æмæ сын сæ радон ныббырсты Ислам Машуковы рубинæгтæ сæ иварон фæзы куы афæлдæхтой, уæд фадат фæцис 11-метрон цæф ныккæнынæн. Ислам Машуков нæ фæрæдыд, æмæ хыгъд ссис 2:1 "Рубины" пайдайæн. Алайнæгтæ ногæй атындзыдтой размæ, æмæ сын 87 минутыл бантыст хыгъд сæмхуызон кæнын. Уазджытæ цы ныббырстытæ сарæзтой, уыдонæй иуы фысымтæ пурти акъуырдтой сæ дуары сæрты, æмæ къуымонæй пурти дæсны лæвæрд æрбакодта Артур Галоян. Йæ æрбалæвæрд пуртимæ фæцырд Хъоцыты Хетæг æмæ сæрæй пурти фæцарæзта фысымты дуаргæсы фæрсты. Пурти сæмбæлд сæ хызы, æмæ хыгъд ссис 2:2.

Уый фæстæ ма, цы рæстæг баззад, уым "Рубин" сарæзта цалдæр тæссаг уавæры, фæлæ хыгъд баззад 2:2 æмæ "Аланыстон" 15 очкоимæ баззад 2-3-аг бынаты. Алайнæгтæ сæ радон хъазт акæндзысты 10 сентябры, Грознайы. Сæ ныхмæлæууæг уыдзæн "КамАЗ".

8-æм туры хъæзтытæ ахицæн сты ахæм хыгъдтимæ: "Уфа" — "Арсенал" — 0:2, "Динамо Махачкала" — "Акрон" (Тольятти) — 1:1, "Рубин" — "Аланыстон" — 2:2, "КамАЗ" — "Балтикæ" — 0:0, "Волгæ" (Ульяновск) — "Велес" — 0:2, ПФК "Хъубан" (Краснодар) — "Волгар" (Астрахан) — 0:0, "Енисей" (Красноярск) — "СКА-Хабаровск" — 1:1, "Нефтехимик" (Нижнекамск) — "Шинник" (Ярославл) — 1:0, "Родинæ" (Мæскуы) — "Краснодар-2" — 1:2.

БАСКАТЫ Уырызмæг

Командæтæ	Хъ	Р	Æ	Х	П	О
1. КамАЗ	8	5	3	0	13-4	18
2. Аланыстон	**8**	**4**	**3**	**1**	**13-8**	**15**
3. Балтикæ	8	4	3	1	13-8	15
4. Нефтехимик	8	4	2	2	8-4	14
5. Енисей	8	3	4	1	12-11	13
6. Арсенал	8	3	4	1	13-8	13
7. Динамо	8	3	4	1	7-5	13
8. Рубин	8	3	4	1	14-9	13
9. Волгар	8	3	3	2	6-5	12
10. Краснодар-2	8	3	1	4	7-9	10
11. Велес	8	3	0	5	8-11	9
12. СКА-Хабаровск	8	2	3	3	12-11	9
13. Шинник	8	2	2	4	10-11	8
14. Хъубан	8	2	2	4	8-10	8
15. Уфа	8	2	2	4	5-11	8
16. Родинæ	8	1	3	4	7-11	6
17. Акрон	8	1	2	5	6-16	5
18. Волгæ	8	1	1	6	6-16	4

Баradон фæтк

Фæдагурæг куыдзы æххуысæй

Горæтгæрон районы мидхъуыддæгты хайады кусджытæ камбилеев-кæйаг нæлгоймагæй байстой 480 граммæй фылдæр зайæгойтæй арæзт наркотик каннабис.

Амæй размæ наркотиктæ дарыны тыххæй, тæрхонгонд кæмæн уыд, тæрхондоны уынаффæмæ гæсгæ, пъæлицæйы кусджытæ ахæм бынæттон 58-аздзыд нæлгоймаджы цæрæнуаты баджигул кодтой, æмæ дзы фæдагурæг куыдз Дарæйы æххуысæй кæй ссардтой, уыцы целлофан дзæкъулы мидæг разынд кæрдæгхуыз зайæгойтæй арæзт буаргъæд.

Экспертизæ куыд бавдыста, афтæмæй дзæкъулы уыд зайæгойтæй арæзт наркотикон буаргъæд марихуанæ. Мидхъуыддæгты хайадмæ кæй баластой, уыцы гуырыскхойаг адæймаг барадхъахъхъæнджытæн загъта: "Наркотикджын зайæгойтæ быдыры æртыдтон æмæ мæхицæн пайда кæнынæн æфснайдæй дардтон".

Уголовон кодексы 228 статьяйы 2 хаймæ ("Наркотикон фæрæзтæ æмæ психотропон буаргъæдтæ æнæзакъонæй æлхæнын, дарын æмæ сæ ласын") гæсгæ, уголовон хъуыддаг кæуыл сарæзтой, уыцы гуырыскхойаг адæймагæн тæссаг у 10 азы дæргъы ахæстоны фæбадынæй.

РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады пресс-службæ

Арфæ

Дзанайты Эльбрусы фырт Георгийæн

Ацы бонты Кировыхъæуы астæууккаг скъолайы фыццæгæм къласмæ бацыд мæ дзæбæх хæрæфырт Дзанайты Эльбрусы фырт Георги (Георик).

Ралæууыд йæ царды særдæрухсдæр æнкъарæнтæй дзаг рæстæг. Фендзæн дзы цардмæ йæ разæнгардгæнæг æмæ ахуыры бæрзæндтæм хонæг æхсызгон нывтæ. Йæ размæ цы цæлхдуртæ æвзæра, уыдоны сæрты æнцонæй куыд хиза, зонады алæмæт дур "æхсынгæ" йæ байбыны арфæй-арфдæр куыд цæуа, йæ уд æмæ дзы зæрдæ куыд хъæздыг кæна, уый йын мæ цæст уарзы.

Скъолайы цы бындурон зонындзинæдтæ райса, уыдонимæ уæлдæр профессион дæсныйады къæпхæнтæм хизын йæ бон куыд бауа. Афтæмæй дзы йæ ныййарджытæ — Эльбрус æмæ Вероникæ, нанатæ — Эммæ æмæ Ларисæ, баба Солтан, фыдыхотæ — Ритæ æмæ Маринæ сæрыстыр куыд уой алкæддæр, уыцы хорзæх ын хъысмæты бардуаг ма бахæлæг кæнæд. Йæ цъæхдзæст хо София æмæ йæхи æмбæлттæн йе 'гъдау æмæ зондæй дæнцæг куыд уа кæддæриддæр. Кировыхъæуы астæууккаг скъолайы ахуыргæнинæгтæй амондджындæр æмæ кадджындæр чи у, уыцы сæрæнгуырдты æмсæр æмæ æмдзырд куыд басгуыха!

Хуыцау æмæ Уастырджийы фæдзæхст у, Георг! Цард æмæ ахуыры бæрзæндтæм хизгæйæ, амонды базыртыл тæхгæйæ, дæ къахы ныхæй дæр ма фæтыхс!

Ацы арфæтæ йæ зынаргъ æмæ адджын хæрæфыртæн кæны ГАСАНТЫ Валери

Конкурс

Цæгат Ирыстоны куыстуæтты æнтыст

Цæгат Ирыстоны дыууæ куыстуаты æппæтуæрæсеон конкурс "Афæдзы экспортер"-ы, зылды къæпхæны бæрæггæнæнтæм гæсгæ, бацахстой призон бынæттæ.

Чысыл æмæ астæууккаг бизнесы субъекттæн номинаци "Промышленнон къабазы афæдзы экспортер"-ы дыккаг бынат бацахста Цæгатгкавказаг федералон зылдæй ООО "Спецмаш", æртыккаг — ООО Наукон куыстадон куыстуат "Токар".

Конкурсон къамисы уыдысты федералон министрадты уæрæсейаг Экспортон центры, экспортæн æххуысы центрты амалгæнæг иугæндты минæвæрттæ. Уыдон номинантæм бахастой, æнæэнергетикон товартæ, лæггæдтæ, экспорты йæхи хуыздæр чи равдыста, уыдоны, стæй сæ интеллектуалон архайды бæрæггæнæнтæм гæсгæ.

"Спецмаш" кусы къулылкæнгæ хæдзарон хъармгæнæнтæ аразыныл. Ис ын, уæй кæнынмæ сæ кæдæм аласа, ахæм бынæттæ Франц, Казахстан æмæ Чилийы. "Токар" æнæхъæн Уæрæсейы у иунæг ахæм куыстуат полифункционалон æфтæн Д-5 бетонтæн, хус аразæн змæстытæн æмæ цементтæн кæм кæнынц. Сæ продукци æрвитынц Хуссар Кореймæ, Ног Зеландимæ, Азербайджанмæ, Казахстанмæ, Белоруссимæ. Дыууæ компанийы дæр хорз зындгонд сты республикæйы æмæ уый æдде дæр. Зæрдиагæй пайда кæнынц Амалхъомады фонды æххуысы Экспорты æххуысы центры лæггæдтæй ("Мæ бизнес" РЦИ-Алани).



— Мах фыццаг аз не 'ххуыс кæнæм республикæйы куыстуæттæн продукцийы экспорты хъуыддаджы. Кадджын конкурсы призон бынæттæ бацахсын дæр се 'нтыстдзинæдтыл дзурæг у. Нæ компанитæн ис гæнæнтæ. Продукци æрвитынæн æндæр бынæттæ агурынæй тæрсын нæ хъæуы. Мах цæттæ стæм Цæгат Ирыстоны куыстуæттæн алыварсыг æххуысмæ, — загъта РЦИ-Аланийы центр "Мæ бизнес"-ы директор **Гæджиты Батрадз**.

Преми "Афæдзы экспортер"-æн йæ хъæппæрисджын у УФ-йы Хицауад.

Конкурс арæзт цæуы национ проект "Дунеон кооперации æмæ экспорт"-ы фæлгæты экономикон рæзты промышленнон базарады, хъæууонхæдзарадон министрадты æххуысæй. Бæстæйы хуыздæр экспортертæ æвзæрст æрцæуздзысты, конкурс "Афæдзы экспортер"-ы раззаг бынæттæ чи бацахса, уыдонæй. Уыдоны хорзæхджын кæндзысты дунеон экспортон форум "Арæзт æрцыд Уæрæсейы", зæгъгæ, уым. Уый уыдзæн октябры мæй Мæскуыйы.

— Хуыздæрты 'хсæн хуыздæртæ æвзаргæйæ ма мах иу хатт зæгъæм нæ компанитæн, сæ куыст ахсджиаг æмæ хъæугæ кæй у уæрæсейаг экономикæйæн, паддзахадæн, махæн не 'ппæтæн дæр. Уый ахсджиаг у амалхъомтæн, уæлдайдæр та регионтæй: иунæг кæй не сты, паддзахадон институттæ сын æххуысмæ цæттæ кæй сты сæ бизнесы рæзты хъуыддаджы, — банысан кодта уæрæсейаг Экспортон центры генералон директор **Вероникæ Никишина**.

Нæ уацхæссæг

Мадзал

"Каникултæ Росгварди"-имæ

"Росгварди"-йы Цæгат Ирыстоны управленийы службæгæнджытæ, лагер "Тæмискъ"-ы профилон сменæйы "Патриот 2022"-йы сæ фæллад цы сывæллæттæ уагътой, уыдонæн сарæзтой цымыдисаг спортивон ерыстæ.

Гвардионтæ фыццаг сывæллæттимæ аивæзтой се 'уæнгтæ, уый фæстæ та архайдтой "Хъæлдзæг ерысты", равдыстой сæ арæхстдзинад æмæ сæрæндзинад.

— Æхсызгон мын у, рæзгæ фæлтæрмæ уæлахизмæ тырнынад кæй ис, уый. Ацы бæрæггон сывæллæтты хæстæгдæр кæны барадхъахъхъæнынады оргæнты минæвæрттæм, — загъта "Росгварди"-йы Цæгат Ирыстоны управленийы физикон цæттæдзинад æмæ спорты сæргълæууæг, майор **Бериты Руслан**.

Территориалон управленийы сæрмагонд дæлхайады кусджытæ ма сын равдыстой æфсæддон уæлæдарæсы хуызтæ, хæцæнгæрзтæ æмæ инженерон-техникон хайады ифтонггæрзтæ.

Бæрæгбоны кæронбæттæн "Росгварди"-йы æфсæддонтæ радтой дзуаппытæ сывæллæтты цымыдисаг фарстытæн. Уый фæстæ сын радзырдтой сæхи службæйы тыххæй æмæ ахъазыдысты семæ командон хъæзтытæй.

ЦÆГÆРАТЫ Эльмирæ

Зайæгойтæ

Æнгуз — æвдадзы хосгæнæг

Æнгуз у дунейы тæккæ рагондæр зайæгойтæй иу. Зæххы цъарыл кæм нæ зайы, ахæм бæстæ бирæ нæй. Хъæддаг хуызы та йæ фенæн ис Фæскавказ æмæ Астæууккаг Азийы дæр. Куыд дыргъдæттæг кæнæ декоративон бæлас, афтæ йæ садзынц Уæрæсейы европæйаг хайы æппæт территорийы дæр, æмæ алы ран дæр йæхи иттæг хорз равдисы. Йæ къабæзтæ афтæ пæлæхсар вæййынц кæмдæриддæр, æмæ сæрдыгон æнтæф рæстæджы сæ быны аулæфын зæххон дзæнæт фækæсы адæймагмæ. Уæдæ, ацы бæласы бæзджын сыфтæртæй цы хæрзdзæф фæцæуы, уый та не 'нæниздзинадæн æвдадзы хосгæнæг у.

Æцæгдæр, æнгуз диссаджы бæлас куыд нæу. Фыццаджыдæр, цæры æмæ дыргътæ дæтты, суанг 300 азы, дыккаджы та, йæ уидæгтæй, суанг дыргъты хъæбæр цъæрттæй адæймаг пайда кæны алы хъуыддæгты. Арæхдæр та дзы цæттæ кæнынц хæринæгтæ, хостæ алыхуызон низты ныхмæ, хæдзары дзаумæтты хъæдæрмæгæн та йын дунейы мидæг æмбал нæй. Æнгузæй конд скъаппытæ, шифанертæ, стъолтæ, бандæттæ афтæ рæсугъд æмæ аив вæййынц, æмæ цалдæр æнусмæ дæр сæ хуыз нæ ивы.

Уæлдай диссагдæр та уый у, æмæ, зайæгойты равзæрд кæмæн ис, ахæм продукты 'хсæн æнгузы дыргъты æппытæн хойраджы аргъмæ гæсгæ хъæдуры фæстæ лæвæрд цæуы тæккæ бæрзонддæр рейтинг. Уымæн æмæ урсæгтæ æнгузты бирæ фылдæр сты хоры культуртæй. Нæ ныхас бæлвырддæр куы зæгъæм, уæд æппыты 100 граммы урсæгтæ вæййы 14 граммы. Уæдæ, æппыты 100 граммы зайæгойты зынаргъ сойтæ 61,3 граммы кæй ис, уый дæр рекорд рахонæн ис.

Æнгузы æппытæн энергетикон æгъдауæй аргъгонд цæуы 648 килокалорийы, ома, зындгонд шоколадæй цыппар хатты бæрзонддæр у. Адæймаг райсомæй æнгузы æппыты 100-150 граммы куы бахæра, уæд, суанг æхсæвæрмæ æххормаг нæ фенкъары.

Æнгузы æппытæ æмæ сыфтæртæ тынг хъæздыг сты витаминтæ С, В1, В2, РР провитаминтæ æмæ А каротинæй дæр. Бирæ сæ ис æфсæйнаг æмæ кобальты цæххытæ, æндæр биологон пайдайаг буаргъæдтæ. Æмæ уый тыххæй æнгузтæ бахæссын фæхъæуы, чи слæмæгъ кæнæ амæллæг вæййы, ахæм адæмы рационмæ, рынчынтæн та, куы фæсæрæн вæййынц, уыцы рæстæджы.

Æмбисонды бæласы хосгæнæн миниуджытæ та махæн зындгонд сты, суанг рагон замантæй фæстæмæ. Уыимæ, пайдагонд цæуы зайæгойты æппæт хæйттæй дæр. Зæгъæм, æнгузы сыфты витамин С вæййы уагъылыйы бæрц. Уæдæ æдзæттæ цъæх дыргътæ дæр адæймаджы æнæниздзинадæн æнæпайда не сты. Мæнæ уын, адæмы цалдæр фæлтæры бирæ рæстæг кæй фæфæлвæрдтой, ахæм рецепттæ.

Æнгузы æдзæттæ дыргътæ сæ цъæх цъæрттимæ рауадз дзидзакæрдæны, сæкæр кæнæ сæм мыд иу уый бæрц бафтау æмæ уыцы хæццæ авджын дзаумайы фидар æхгæдæй фæдар талынг ран. Хæрын æй хъæуы цайцымæн уидыджы дзаг æртæ хатты бон хæрды размæ.

Ацы æнахуыр адджинаг амонынц, уыргтæ куы фæриссынц, рæуджытæ куы фæхъыгдард вæййынц, ахсæн æмæ игæры хæцгæ низтæ куы фæзыны, уæд. Дзæбæх ма дзы кæнынц хъуырниз, тъæнгтæ расыгъдæг вæййынц алыхуызон æввонгхортæй. Афæдзы бæрц æй куы фæнуазай, уæд ацы хос феххуыс уыдзæн царды иугæндзон низтæ дзæбæх кæнынæн дæр. Уымæй уæлдай, витаминтæ æмæ микроэлементтæ фæхæццæ вæййынц организммæ.

Уæдæ æнгузы сыфты донæн йæ бон бирæ у магъз æмæ зæрдæйы тугдадзинты склерозы рæстæг, буаргъæдтæ ивынæмæ уый тыххæй фондз хæрæн уидыдзы лыстæггонд æнгузы сыфтыл ныккæнын фæхъæуы литры æрдæг тæвд дон. Уазалæй йæ ныффæрсудзынц, æмæ дзы уæд ис ваннæтæ кæнæн кæнæ та буар æрæхсæн.

Ацы хосгæнæн миниуджытæй уæлдай, æнгузы цъар æмæ сыфтæртæй пайда кæнынц косметикæйы дæр. Нæ ныхас бæлвырддæр куы зæгъæм, уæд дзы сæрыхъуынтæ ахорынц морæ æмæ æндæр аив хуызты дæр. Æмæ уый тыххæй литры дзаг доны фæфыцын хъæуы æнгузы цъæх кæнæ хусгонд цъæрттæ сыфтæртимæ, цалынмæ ма доны æмбис баззайа, уæдмæ.

Иу ныхасæй, æнгузы миниуджытæ сты бирæ æмæ алывæрсыг, æмæ хъуамæ арæхсæм уыдонæй пайда кæнынмæ.

ТОХСЫРТЫ Къоста

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Æфсæддон комиссарад

Уæрæсейы Федерацийы Гæрзифтонг тыхтæм æфсæддон службæмæ исы граждæнты контрактон бардзырд бафыссыны бындурыл.

Ист цæуынц граждæнтæ 18 азæй 60 азмæ, æнæниз æмæ психотерапевтон диспансеры номхыгъды чи нæй, тæрхонгонд кæмæн нæ уыд, фиддонтæ кæмæн нæй, ахæм адæймæгты.

Фыст сын цæудзæн 200 мин сомы æмæ уæрæхдæргонд социалон пакет. Бацæуæн ис, цы ран цæрут, уым æфсæддон комиссарадмæ, науæд та, æфсæддонты контракт бафыссыны бындурыл кæм исынц, уыцы æвзарæн пунктмæ.

Бадзурæн ис тел.: 8 (8672) 25-68-92, 8 (8672) 76-83-75.

Контракт куыд бафыссæн ис, контрактон службæйы граждæнтæм цы домæнтæ хауы, уый тыххæй базонæн ис сæрмагонд хæстон операцийы архайæджы бæрæгуаты (справочник). Уым ма базонæн ис, хæстон архайдтыты ветераны æвдисæндар куыд райсæн ис, цавæр æххуыстæ сын ис сæрмагонд операцийы архайджытæн УФ-йы Президенты Указ № 98-мæ гæсгæ (æппæт сæрмагонд операцийы æфсæддон службæгæнджытæ æмæ категоритæн). Бæстондæр ма базонæн ис мæнæ ацы сайты "СО" http://sevosetia.

Срастгæнинаг

Ацы азы, 24 августы, газет Рæстдзинады журналист Гасанты Валерийы æрмæг " Йæ намыс йæ разæй"-йы æнæрхъуыдыйæ рæдыд аирвæзт. Тексты амынд цæуы, зындгонд металлург, Советон Цæдисы паддзахадон премийы лауреат Саутæты Таймуразæн Къостайыхъæуы кады аллеяйы цæрдудæй цы бюст æвæрд æрцыд, уыцы хъуыддагыл бацархайдта Саутæты Георги (Жорик) Адтойы-фырт. Бюст саразынæн æхцайы фæрæзтæ æмæ йæ байгом кæныны кадджын мадзал бацæттæ кодта Георги. Æмæ йын уыцы фæрнджын хъæппæрисы фæдыл мыггаг зæгъынц — бузныг! Автор хатыр куры, æрмæджы рæдыд кæй аирвæзт, уый тыххæй.

Номыры радгæс редактор — **Абайты Эдуард.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
2-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
Корректортæ: 1-аг æмæ 3-аг фæрстæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон сæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)

Сæйраг редакторы хæдивæг БУТАТЫ Эльзæ

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Сæлинæ — 25-94-57, Саутæты Тамилæ — 25-96-31, Тохсырты Къоста — 25-91-92, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015,
РЦИ-Алани,
г. Дзæуджыхъæу,
Къостайы
проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3628.
Заказ № 988.
Мыхуырмæ
хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru